

...йиго учительницаялъун. КIвар кьола лъималазул гьунар сундус бугебали лъазабиялде, гьеб хадубккунги камиллъизабиялде. ЦIалдохъабазда хIеренаб каламаддалъун, рекIелъе рортулел рагIабаздалъун бичIчIизабула берцинаби бегIукьаби, бегьулеби бегьуларебги. Хадижатида кIола жиндица кьолел дарсазде гьезул рокьи бижизабизеги.

*Сураталда: Х. Шигьабудинова 5 классазул цIалдохъабигун.*

## ХIАСАНОВА Цурия



1969 соналда ХIасанова ХIурия ДагъистанистIитутазул физкультураялъул факультетаялде цIализе лъугьунеб йигидал рагIидал, гIаданлъун хутIана гьелъул гIелбашалал васалги ясалги. Доб заманалда ясаз къанагIатги гIаса биццлароан гьеб махщел. Амма ХIурия жиндирго къасдалдаса кьуричIо. ЦIалана лъикIал кьиматазда, гIадатIанаб лъай босун хадуй хIалтIизе ячIана гIагараб школалде ва жакъаги хIалтIулей йиго. Гьелда кIвана «бихьинаялдаблъун» рикIкIунеб физкультураялъул учителасул хIалтIи чIужугIаданалъухъги гIемерго лъикI бажарулебльи бихьизабизе. Гьелие нугIлъи гьабула хIалтIизе...

## МУРТАЗАГIАЛИЕВА Меселу



Меселуги педагоглъун ихьана 1969 соналдаго Буйнакскиялъул ручIабазул педучилище лъугIизаялъул диплом кодобе щваралдаса нахъе. ХIисаб гьа...

...Гьезул бесезе мустахIикьал гIадан йиго УмакусумI. Школалда цадахъ хIалтIулезда жеги рагIичIо гьей гьаракь борхун кIалъалей. Гьелъул гIумруялъулъ букIинчIо гIанчIлъи, гочIлъи. ГьитIинго эбел-эменги хун хутIарай гьей гIезаюна ункъгIалалъ.

*МухIамадтIагьир МУХIАМАДОВ, ЧIиркатIа гьоркьохьеб школалъул профкомалъул председатель*

## РОССИЯЛДАГО БИЩУН ЛЪИКIАЛ

Гьаб соналъул июналда рохалилаб хабар бачIана Болъихъ районалде. Районалъул больницаялъул тохтур ШагьрудиновМухIамадкамилие кьуна «Россиялъул бищунго лъикIав тохтур» абураб гIадатIанаб цIар. Гьеб цIаралъе гIоло конкурсалда гIахьаллъезул сияхIалда рукIун руго тохтурзаби, медицинаялъул гIелмабазул докторал ва профессорал. МухIамадида цадахъ рукIарал Дибирасулаев Анаммагомед НурмухIамадов ХIажикъ... кьуна «Призашие» абулеб тIадегIанаб премия.

АхIралда букIараб унгоунгояб махщалаб кьерккьелда бергьенльи босарал бальхьадерил тохтурзабазул цояв ккола Болъихъ больницаялъул анестезиологиялъул отделениялъул заведующий Анам Дибирасулаев.

Анам гьавуна Шумада районалъул Гьигьалъ росулъ. Гьесул эмен Дибирасулаев МухIамад ккола школалъул директор. Анамица лъикIал кьиматаздалъун лъугIизабуна Дагъистаналъул медицинаялъулаб институт. ХIаракатаб гIахьалльи гьабуна тIадегIа...

ХIвалил квачIикьа чанго чи хвасар гьавуна гьес. ХIатта ккана сахлъиялда божи гьечIого МахIачхъалаялдаса нахъе рачарал унтарал гIадамал гьесул отделениялда сах гьарилъул хIужабиги. Анам кIвахI тун кьеркьана 1999 соналда Болъихъ ккараб рагъулъ мина кьвагьун кIиябго бохалдаса вахIалъарав ГIанди росулъа полковник Палидибиров Мурадие сахлъизавиялда ва хIалтIизе кIолев чилъун лъугьинавиялда тIад.

Анамица нухмалъи гьабулеб отделениялда хIалтIулев вуго щуго тохтурги микьго сестраги. ГIадамазда ва больницаялъул хIалтIухъабазда гьоркьоб гьесул буго лъикIаб кьадру-кьимат.

*Наби МУХIАМАДХIАЖИЕВ, рагъул ва захIматалъул ветеран. Болъихъ район, Гьодобери росу*

## ХIАСИЛАЛ ГЬАРИЗЕ ЗАМАН ЩУН БУГО

Дир ноги батIияб мацI гьечIолъиялъги батила, дие батIаго бокьула гIагараб магIарул мацI ва нибго гьоркьоб течIого цIалула «ХIакьикъат» газетаги.

Гьелда бахъун букIана «МагIарул мацI» абураб дир кечIги. Гьелдаги дица бадибчIвай гьабун букIана цо-цо дирго гIагарал гIадамазе. Гьезие гьеб цIакъго закIвалъана.

ГIаланзI ПацIал - гьаракьгьун цадахъ дун вукIана чачаналъ ракъалда Шалиялдаги. Гьединги гьаниги гьезул лъималазда цадахъ цIалулеблъи вукIана. Гьебсагьталда ЦIиябгьагьаль росулъ кIиженцерил буго 23 цIараки, гьез гIумру гьабулеб...

лъималазда магIарул мацI лъаларо. Гьесул вас МустIафа дир лъикIав гьудул вуго. Дица гьесда цIехана щай инсуца нужеда магIарул мацI малъичIеб абун. «Гьесул заман букIинчIо – эмен кидаго машинаялъул ругалда нахъа вукIана», - ян гIурус мацIалъ жаваб кьуна гьес.

МагIаруласул лъугьарав гьев лъарагIасулги вуго микьго вас. Гьездаги, гьезул лъималаздаги ва гьездаса хадусездаги лъазе гьечIо магIарул мацI.

Цоги гьаниб абизе бокьун буго, газета цIалулезул кагьтазде кIвар кьун балагьани, гьеб хьвалезулги цIалулезулги къадар цIикIкIине бегьула. Нижер гьаб росулъ буго 1500 цIараки, 15-20 чиясниги «ХIакъикъат» газета хьвалеб гьечIолъиялдаса дунгоин нечола.

ТIоцебесеб сентябралъул газеталда бахьараб макъалаялда суал кьолеб букIана дур росдада цIар кин бижараб абун. Кьокьго бинние бокьун буго нижерго росдада цIар кин бижарабали. Болъихъа ГIацибеяги ЧачанадIе унеб кIудияб болнух буго гьанже. Доб мехалда гьебги букIун батила хIама-чу хьвадулеб ЧIедерабго нух. ГIун Зило росдаде дание ... бихьула нижер Кlижани росу. Гьенире гIагардьдал цо нухлуладда бихьун буго гьенив вилълъанлулев цо-кIиго чиясул гIадаб сурат ва гьез абун буго гьалъаба кьуруалъ... хьула цо-кIиго жеелал... дасе бачIун буго Кlижени... цIарги. Гьанже росу ба... дагьаб гIодобегIан.

МацIалъул хIакъалъулъ гIемер бицана, хьвана ва... дубккунги бицине батила. ХIа... жат буго, бищун течIого, ур...

КОПИЯ ВЕРНА
РОССИЙСКАЯ ФЕДЕРАЦИЯ МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ ДАГЕСТАН МУНИЦИПАЛЬНОЕ КАЗЕННОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ «ЧИРКАТИНСКАЯ СОШ» (МКОУ «ЧИРКАТИНСКАЯ СОШ») ГУМБЕТОВСКИЙ РАЙОН

## НУЖЕР КАГЪТАЛ

### РЕЦЦИЗЕ МУСТАХІИКЪАЛ

**Жакъа нижер Гумбет районалъул ЧІиркъатІа росдал гьоркьохъеб школалда хІалтІулев вуго 42 учитель. Гьел киналго мустахІикъал руго реццизеги жидер байрам – Учителасул къо ракІ-ракІалъ баркизеги. РекІее бокьулеб хІалтІулъ хадурккунги лъикІал хІасилал щвейги, чорхое щулияб сахлъиги, бакъулал къоялги, рокъоб хинлъи-талихІги, лъималаздаса резилъи-рохелги гьезие бокьун букІинги загьир гьабун, киназдаго баркула гьеб байрам! Гьелдаго цадахъ, нижер коллективалда гьоркьоса цо-цоязул хІакъалъулъ батІаго хъвазе пикру ккана дир.**

**ШИГЪАБУДИНОВА**
**Хадижат**

Шигьабудинова Хадижатица педагогасулаб хІаракатчилъи байбихьана гІагараб школалда пионервожатаялъун хІалтІиялдасан. Гьеб букІана гьелъ Буйнакскиялъул руччабазул педучилище лъугІизабураб 1974 сон. Хадубги Хадижатица лъугІизабуна Дагъистаналъул началихъияб пединститут. 40 соналъ хІалтІулей йиго учительницалъун. КІвар кьола лъималазул гьунар сундуе бугебали лъазабиялде, гьеб хадубккунги камиллъизабиялде. ЦІалдохъабазда хІеренаб каламалдалъун, рекІелъе роргулел рагІабаздалъун бичІчІизабула берцинабги бегІукъабги, бегьулебги бегьуларебги. Хадижатида кІола жинца кьолел дарсазде гьезул рокьи бижизабизеги.

Гьелде абизе бегьула даимго гІолохъанай педагогилан. Жакъаги гьелъ доб тІоцебе букІараб рокьигун, жигаргун, гьирагун ва гьанжесеб кІудияб хІалбихьигун кьолел руго дарсал байбихьул классазул цІалдохъабазе. Лъималазда лъай малъиялъул жиндиего хасал, пайдаял къагІидабиги лъугьун руго гьелъул педагогияб хІаракатчилъиялъулъ. Малъулеб дарс цІалдохъабазда бигьаго бичІчІиялъе гьелъ рицуна дарсил темаялда хурхарал, тамашаял, лъималазул рекІее асар гьабулел лъугьа-бахъиназул, ралагьула гьез жидецаго пикру гьабизе квербакъулел дандекквеял. Гьединлъидал, чІахІиял классазде рахъарал гьелъул цІалдохъаби рукІуна цогидаздаса церетІурал, лъаялда хадургъурал.






*Суратадa: Х. Шигьабудинова 4 классалъул цІалдохъабигун*

КОПИЯ ВЕРНА